But I'll say his name, for Bamba once said anyone who knows his name, Abdu Lahad, if you leave this world, your access to paradise is clear!



**Figure 5:** Image of Serigne Abdoul Ahad Mbacké (aka Sëriñ Abdu Lahad Mbàkke or Shaykh Abdul Ahad Mbàkke) on a Wolof Ajami book entitled *Waxtaan yi Shaykh Abdul Ahad Mbàkke daa def* (Discussions that Shaykh Abdul Ahad Mbàkke Used to Have) written above the image, and *Dundub Muriid Saadiq* (The Life of a Sincere Murid) written at the bottom.

## Glossary

**Boroom b-:** The Owner, Creator, God

**Càmbal:** To wander around

**Cant g-:** Gratitude, thanks, from the verb *sant* (to thank)

**Col gu bon g-:** Bad, indecent, or inappropriate clothing

**Daaldi or daldi:** Then

**Dénk or dénkaane:** To counsel, offer advice, entrust

**Digle:** To recommend, enjoin

**Doxiin or doxin w-:** Walking style, manner of walking, from the verb *dox* (to walk)

**Gët:** Plural for *bët* (eye)

**Gumba g-:** Blind person

**Hoppitaal or loppitaan b-:** Hospital, from French *hôpital*

**Jalgat or jalgati:** To violate rules or prohibitions, to commit an offense

**Jàmbat:** To complain

**Juñj:** To allude to

**Mbëggéel g-:** Love

**Nattu b-:** Challenge, test, ordeal, suffering (often of divine origin)

**Ndigal or ndigël l-:** Instruction, recommendation, injunction, commandment, directive

**Nodd g-:** Call to prayer, from the verb *nodd* (to call to prayers)

**Ñokket:** To stand up immediately, suddenly

**Ñoll w-:** Alcohol

**Tagg:** To praise, eulogize

**Tàggat:** To train

**Tàggu:** To say goodbye, request permission

**Waaj:** To prepare for a trip

**Wormaal:** To respect, venerate, honor

**Yékket:** To take something suddenly

**Yóotu:** To stretch one's hand to grab something, reach out, aspire

## Notes

**Balsashin:** This is the Murid chronogram for 1914, based on the Maghribi alphanumeric system. For more information on this dating system, see *Muslims Beyond the Arab World: The Odyssey of Ajami and the Muridiyya* (Oxford University Press, 2016), page 267.

**Bisu Cantug Boroom bi:** “Day of Gratitude to the Creator” refers to the *Màggal* or *Le Grand Magal de Touba*, which is the yearly commemoration of Shaykh Ahmadu Bamba’s arrest by French colonial authorities on the 18th day of the month of Safar in the Muslim calendar in 1895 (August 10, 1895). Pilgrims come to Touba to celebrate his achievements, pray, and seek his blessings on this day.

**Daşashi:** This is a chronogram for 1946, based on the Maghribi alphanumeric system. For more information on this dating system, see *Muslims Beyond the Arab World: The Odyssey of Ajami and the Muridiyya* (Oxford University Press, 2016), page 267.

**Jaamu Yàlla ak liggéey:** “Serving God and Work,” a key teaching of the Muridiyya Sufi order. Shaykh Ahmadu Bamba emphasized in his teaching the sincere worship of God and a strong work ethic.

**Ku moy buntu bëtt, dég bënn say gët:** Literally, “if you go through a fence rather than a door, thorns will poke your eyes.” This Wolof saying emphasizes the importance of following instructions and the negative consequences of not doing so, which include painful punishment and loss of privileges.

**Shaykh Abdu Lahad Mbàkke (1914-1989):** Also known as Shaykh Abdul Ahad Mbàkke, Serigne Abdoul Ahad Mbacké, or Baye Lahat, he is the subject of the second poem in this unit. He served as the third caliph of the Muridiyya from 1968 to 1989, succeeding his brother, Shaykh Fàllu Mbàkke.

**Shaykh Fàllu Mbàkke (1888-1968):** Also known as Seex Fàllu Mbàkke in the standard Wolof alphabet and Cheikh Fallou Mbacké in the non-standard French-based spelling, he was the second oldest son of Shaykh Ahmadu Bamba. He is also known as Serigne Fallou Mbacké and Serigne Falilou Mbacké. He served as the second leader of the Muridiyya from 1945 to 1968 after the death of his brother Shaykh Mustafaa Mbàkke.

**Shaykh Mustafaa Mbàkke (1888-1945):** Also spelled as Seex Mustafaa Mbàkke in the standard Wolof alphabet and Cheikh Moustapha Mbacké in the non-standard French-based spelling, he was the oldest son of Shaykh Ahmadu Bamba, the founder of the Muridiyya Sufi order of Senegal. He is also known as Serigne Mouhamadou Moustapha Mbacké and Sëriñ Muhammadu Mustafaa Mbàkke. He served as the first leader of the Muridiyya from 1927 to 1945 after the death of Bamba.

**Wamsashi:** This is a chronogram for 1927, based on the Maghribi alphanumeric system. For more information on this dating system, see *Muslims Beyond the Arab World: The Odyssey of Ajami and the Muridiyya* (Oxford University Press, 2016), page 267.



## Pedagogical Exercises

### Exercise 1: Comprehension Multiple choice questions

1. Nan la Faatu Bintu Ló duppe Màggal Tuubaa?
  - a. Bisu Cantug Boroom bi la ko duppe
  - b. Mu ngi ko duppe bisu Tabaski
  - c. Bisu Tamxarit la ko duppe
  - d. Bisu juddug Yónnent bi la ko duppe
  
2. Ban melo la yaayam bëgg mu yor saa su demee Tuubaa?
  - a. Melow xale bu jigéen
  - b. Dafa bëgg mu yor melow ku ñu tàggat
  - c. Xanaa jikko yu ñaaw la bëgg mu yor
  - d. Daa bëgg mu am jikkoy ku ñu yarul
  
3. Ñan la sant Buur Yàlla war ci gis-gisu Faatu Bintu?
  - a. Xanaa bépp jullit
  - b. Gaa ya fa Tuubaa
  - c. Sëriñ bu mag bi aki njabootam
  - d. Moom Faatu Bintu ci boppam ak waa-këram
  
4. Kan la Abdu Lahad Ture di woy te tuddu ko?
  - a. Sëriñ Tuubaa lay woy
  - b. Sëriñ Saaliw Mbàkke lay woy
  - c. Sëriñ Abdu Lahad Mbàkke lay woy
  - d. Sëriñ Fàllu Mbàkke, soppeem, lay woy

5. Nan la Faatu Bintu Ló duppe Màggal Tuubaa?

- a. Bisu Cantug Boroom bi la ko duppe
- b. Mu ngi ko duppe bisu Tabaski
- c. Bisu Tamxarit la ko duppe
- d. Bisu juddug Yónnent bi la ko duppe

6. Kii Abdu Lahad Ture di woy lan la def ca Tuubaa?

- a. Moo fa tabax hoppitaal bu yaatu
- b. Moo miire jumaa ji miir bu ñépp naw
- c. Mooy ki fa defar biblotek bu feesi téerey Sëriñ Tuubaa
- d. Tontu yii yépp la

## **Exercise 2: Reading**

1. Ci biir daara ji, na ndongo yi ay-ayloo jàng ca kaw woyi Wolofal yi.

2. Ca kër ga, na ndongo yi jàng ca kaw ay bayit ci woy yi, di leen nafar aka wax-waxaat ba mokkal leen.

3. Ci daara ji walla ca kër ga, na ñaari ndongo ànd ay-ayloo, jàng ca kaw ay bayit ci woy yi.

## **Exercise 3: Writing/Dictation**

1. Ci biir daara ji, na jàngalekat bi jukki ay bayit ci woy yi, jàng leen ndànk, jox ndigal ndongo yi ñu bind li ñu dégg ci Wolofal. Su ndongo yi noppee, na ñu méngale li ñu bind ak bayit yi ci taalif bi te waxtaane li leen wuutale. Ñaari ndongo mën nañoo ànd ay-ayloo ci liggéey bii.

2. Na ndongo yi bind ci Wolofal juróomi laaj yu jëm ci woy yi. Suñu noppee, na ñu weccoo seeni laaj ak seeni naatango ngir ñu tontu laaj yi ci Wolofal.

3. Na ndongo bu nekk bind ci Wolofal ab tënkk bu jëm ci wenn ci woy yi.

#### **Exercise 4: Listening/Speaking and Conversation**

*Podkast ak widewoo:* Defaral ab podkast bu jëm ci woy yi walla nga defar ay widewoo yu gàtt yuy faramfàcce mbir yi woy yi ëmb.

#### **Exercise 5: Cultural Competence**

Méngaleel ay fànn ci woy yi ak ya ñu niroot ca fa nga dëkk.



**Figure 6:** Writer Ibrahima Lo is demonstrating his use of colors in his work while sitting with one of his students, who is learning to copy Arabic and Wolof Ajami texts.



## Unit 6

# Ajami in Research, Politics, and the Public Sphere

The unit contains seven Ajami texts and six images that reflect the Ajamiscap of the holy city of Touba. The first text is an extract from a biography of Mame Diarra Bousso (aka Maam Jaara Buso), the mother of Shaykh Ahmadu Bamba (1853-1927), founder of the Muridiyya Sufi order of Senegal. The second text is extracted from *Xarnu bi* (The Century), a popular poem by Serigne Moussa Ka (aka Sëriñ Muusaa Ka), the most famous Wolof Ajami poet. The poem is a prayer in which Ka implores his spiritual master, Bamba, to intervene to help his followers who were going through hard times arising from drought and the economic impact of the Great Depression of 1929. The third Ajami text, which deals with politics, is by Professor Cheikh Anta Diop (1923-1986), the world-renowned Senegalese scholar and Egyptologist who led the former Political Party called *RND (Rassemblement National Démocratique)*.<sup>[1]</sup> The fourth, fifth, sixth, and seventh Ajami texts are documents that come from the personal archives of Serigne Sam Niang (aka Sëriñ Sam Ñañ), an archivist at the central library of Touba called Daaray Kaamil. Together, these texts and images illustrate the significance of Ajami in research and education as Magatte Sylla (aka Màggat Silla) and Khady Pouye (aka Xadi Puy), the two female researchers below, emphasize in their video interviews.<sup>[2]</sup>

[1] National Democratic Rally

[2] For video 6A, see <https://sites.bu.edu/ria/wolof/wolof-unit-6a/>; and for video 6B, see <https://sites.bu.edu/ria/wolof/wolof-unit-6b/>





**Figure 1:** Mrs. Magatte Sylla in her living room in Mbour, Senegal. Courtesy of Fallou Ngom.



**Figure 2:** Mrs. Khady Pouye in her home in Dakar, Senegal. Courtesy of Fallou Ngom.

1833 هَيْبُ جَمْبُورُ مَا مَجَارِ بَيْبِ جَيْبُورِ جَلْفِ  
مِيَلِي يَهْ جِي وَوَن دَكْ بِيحِي وَتُخْ كِلِرْ جَبُورِ  
مَا مَعَشْتِ وَالْمَوِي وَاجْرَمْ أَكْ شَرِيحْ مَحْمَدِ  
بَيْبِ مَا مَجَارِ بَيْبِ جَيْبُورِ جَو كَرَمَا مَجْمُورِ أَنْتِ حَلِ  
جَيْبُورِ بَوَلْ قَلْ مَا مَجْمُورِ جَارِ مَيْبُورِ أَكْ شَيْخِ  
الْحَدِيدِ مَا مَجْمُورِ أَنْتِ حَلِ جَيْبُورِ مَكْرِ  
نَجَايْمِ شَرِيحْ أَحْمَدِ بَيْتِ كَنْ جَهْ كَنْ يَزْ بَيْبُورِ  
مَا مَجْمُورِ أَنْتِ حَلِ شَيْخِ فُرْتِيكِ : : قَلْ شَرِيحْ حَيْبِ اللّٰهِ  
هَيْبُورِ أَكْ بَيْبُورِ قَادِ بَيْبُورِ مَا مَجْمُورِ نَيْبُورِ جَرُومِ جَيْبُورِ  
حَسْمِ مَيْبُورِ بَيْبُورِ وَوَشَرِيحْ سَبْرِ سَالْمِ : : مَا مَجْمُورِ  
دَكْ جَيْبُورِ بَيْبُورِ مَا مَجْمُورِ جَارِ نَيْبُورِ بَيْبُورِ 1866  
مَوْجِ آبِ لَكَيْبِ كَنَاوْ بَيْبُورِ مَا مَجْمُورِ جَيْبُورِ مَبْتَارِ

Source: Magazine Yaatal Khéwal: Aperçu sur la vie et l'œuvre de Sokhna Diarra Bousso (Touba, Senegal: nd) page 3.

## Transcription 1

Feeñ jamanook Maam Jaara Buso ca Mbusóobe Jolof 1833 milaadiya. Jógewoon dëkk bu ñiy wax Golléré ca Fuuta. Maam Asta Waalo mooy waa-juram ak Sëriñ Muhammadu Buso. Maam Jaara Buso jóge fa ñów[3] kër Maam Moor Ànta Sali ca Mbàkke-Bawol. Fa la Maam Moor Jaara feeñ ak Seexul Xadiim. Maam Moor Ànta Sali jóge fa dem kër nijaayam Sëriñ Ahmadu Binta Kan ca Kan. Diir bu néew, Maam Moor Ànta Sali sanc Xuru Mbàkke. Fa la Sëriñ Habiibullaah feeñ ak Soxna Faati Mbàkke. Maam Moor nekk fa juróom ñetti at ma[4] Maba Jaxu Ba woo sëriñ su bari Saalum. Maam Moor dëkk ak njaboot gi Poroxaan. Maam Jaara nekk fa ba 1866 mu wàcc ab liggéey. Gàннаaw ba, Maam Moor jóge fa dem Pataar.

## Translation 1


She was born into the Mbousso family in Jolof in 1833 CE. She came from a village called Golléré in Fouta. Mame Asta Walo is her mother and Serigne Mouhamadou Bousso is her father. Mame Diarra left there and went to the home of Mame Mor Anta Saly (her husband) in Mbacké-Baol. Mame Mor Anta Saly left there to relocate to his uncle Serigne Ahmadou Binta Kane in the village of Kane. Shortly afterwards, he founded the village of Khourou Mbacké. Serigne Habiboullah and Sokhna Faty Mbacké were born there. Mame Mor stayed there for eight years until Maba Diakhou Ba asked many religious leaders to relocate to Saloum. Mame Mor and his family lived in Porokhane. Mame Diarra stayed there until her death in 1866. Afterwards, Mame Mor left there to go to Patar.

[3] *Ñów* and *ñëw* are used interchangeably for “to come.”

[4] The word *ma* should have been *ba* (until).

[5] Maba Diakhou Ba (1809-1867), a religious leader, led a holy war in Senegambia. During his conflict with the French colonial administration, he urged religious leaders in French-controlled regions to relocate to Saloum, under his control. Among those who relocated were Mame Mor Anta Saly and his wife, Mame Diarra Bousso, parents of Bamba.

## Ajami Text 2: Your Schools are Hospitals



Source: *Xarnu bi* (The Century) by Muusaa Ka (Touba, Senegal: Imprimerie Cheikh Ahmadou Bamba, nd), page 37.

### Transcription 2

Sa daaru yee diy lóppitaan	Ku ràgg war na lay dagaan
Ku ñëw nga jox garab mu naan	Doktoor bi yaa faj xarnu bi
Ràggi xol ak ràggi yaram	Yaa koy ràggal joxey ngërëm
Jarag yi war nañ laa gërëm	Ngir yaa wéral seen xarnu bi
Fekkoon nga réew mi defi ndóol	Fekkoon nga ñépp defi gool
Yaa tax ba nuy niinali bool	Yafal nga mboolem xarnu bi
Fekkoon nga ñii defi lafañ	Ñii daanu far ba ne fëlëñ
Ñoo ku ñu ñaan jabar mu bañ	Ñii mel ni man ci xarnu bi
Yaa dikk jag ñi fi dàmmoon	Jégganti mbir ya fi dëngoon
Yékkati néeg ya suufewoon	Bañ mën a ànd ak xarnu bi
Amal nga gaa yu amuloon	Xamal nga gaa yu xamuloon
Feeñal nga mbir yi nëbbuwoon	Dekkal nga ruuhi xarnu bi

Sa waay du ñee waa yi keneen

sa waay du xàcc jëm feneen

Deesul a xam di gëm keneen

sa diine doy na xarnu bi

## Translation 2

Your schools are hospitals

where all the sick people must go

You treat anyone who comes

you are the physician of the century

Sicknesses of the heart and of the body you cure them all until people are thankful

The sick must be grateful to you for you have cured their century

You found the country impoverished and found everyone miserable

You fed us with luxurious food and nourished everyone in the century

You found some crippled and some completely depressed

Others were refused spouses and some were unimportant like me

You mended those who were broken straightened what was not straight

Elevated homes that were modest until they could cope with the century

You gave to the have-nots educated the uneducated

You revealed concealed treasures you have revived the soul of the century

Your friend can't envy anyone else your friend won't quit and go to anyone else

Whoever knows you can't believe in anyone else

Your piety has satisfied the entire century!





**Figure 3:** Mural of Professor Cheikh Anta Diop at the University Cheikh Anta Diop, which is named after him. Courtesy of Gana Ndiaye.



**Figure 4:** A mural in Mbour advocating against COVID-19, featuring the French phrase "Stay home."



### Transcription 3

Sengoor ne na juróom ñaari fan ci Awril ci Konsey Nasyoonaalu partéem ne: “Baykat yi fayul seeni bor, kenn du leen jox jiwu walla mataryeel.” Ndax gornamaa bi xalaat na musiba mi dogal boobu mën a jur? Ndax dal nay dogal ni koppe yi fay lu mat 65 pur saa rekk lañuy jox jiwu walla mataryeel. Ministar bi yore mbirum mbay mi wax na ca konsey ba ni li baykat yi yoreel gornamaa bi mat na juróomi milyaar ak juróom ñent téeméeri milyoŋ ak ñaar fukk ak juróom. Loolu ñu wax ne moom la leen baykat yi yoreel daanaka mook bonafisu isin buy defar dëwlin gi ñoo yem, ndax menn atom 1976 isin boobu ñu di wax SONACOS am na ca bonafisu juróomi milyaar ak juróom ñaar téeméeri milyoŋ ak fanweer ak ñaar ak fanweeri junni ak ñent. Ministar bi waxaat na taw yu mujj yi yàq na lu bari ci mbay mi. Nee na gëstu gi ñu doon gëstu jiwu wi wone ni jiwu wi ren du sax na mu daan saxee. Dana waññiku bu baax, ta ku ne xam na ni su mbay mi baaxul, dara du baax. Baykat yi dootuñu jënd la ñu daan jënd, ndax dootuñu am ag njëg. Komirs bi dootu dox; taraaspoor bi dootu dox; indistiri bi dootu dox na mu daan doxe. Mbay mi daal bu doxul, darra du dox. Kon nak, li waroon mooy gornamaa bi dem sowwu bitim réew wuti fa jiwu jox ko baykat yi. Waaye, ñoom xalaatuñu loolu. Waaye, lu bon-bon war nañoo jox baykat yi aw jiwu ñoom ñépp, te bañ cee seet ku fay ak ku fayul, te gaaw joxe ko, ndax fi mu ne nawet bi aksi na. Luy jot jot na. Loolu rekk mooy ñariñul réew mi. Lii mooy deklaaraasiyoo RND, bar bi RND bi mu genne te jox ko gornamaa bi.

Seex Anta Jóob

### Translation 3

On April 17, Senghor stated at his party’s national council that “Farmers who do not pay back their loans will not receive seeds or equipment.” Did the government think about the consequences that such a decision could engender, since it determined that only the farmers’ cooperatives that paid up to 65% would receive



seeds or equipment? The Minister of Agriculture also said at the council that the debt owed to the government by the farmers amounted to five billion nine hundred million one hundred and twenty-five (5,900,000,125 francs CFA). But the amount they say the farmers owed them equals the amount of profits made by the oil factory, because just in 1976, the factory called SONACOS[6] made a profit of five billion three hundred fifty-two million one hundred fifty-four thousand (5,352,154,000 francs CFA). The Minister also said that the last rain has destroyed many crops. He said that the study conducted on the seeds showed that they will not grow the way they used to. Their growth will be greatly reduced, and everyone knows that if the farming season is not good, nothing will be good. Farmers will not be able to buy what they used to buy, since they will not be able to afford it. Businesses will be negatively impacted; the logistics will suffer; industries will no longer operate properly. If farming is not successful, nothing else will work properly. Therefore, what the government should have done was to go abroad to Western countries, buy seeds and distribute them to farmers. But they did not see it this way. The least they must do is to provide seeds to all the farmers, regardless of who paid or did not pay and distribute them quickly, because the rainy season has come and time is of the essence. This will benefit the entire nation. This is the official declaration of the RND,[7] which the masses of RND delivered to the government.

Cheikh Anta Diop

[6] SONACOS: *Société Nationale pour la Commercialisation des Oléagineux du Sénégal*, National Company for the Commercialization of Oilseeds of Senegal.

[7] RND: *Rassemblement National Démocratique*, National Democratic Rally.



**Figure 5:** Serigne Sam Niang, owner of the next four Ajami texts. Courtesy of Fallou Ngom



**Figure 6:** Picture of the library of Touba, called Daaray Kaamil or Maktabul Shaykhul Khadim, which was built by Cheikh Abdoul Ahad Mbacké and which is discussed in the letter below. Courtesy of Fallou Ngom.

Ajami Text 4: Letter by Caliph Abdoul Ahad Mbacké

عبيد ربه وابن شيخه عبد الاحد امبا  
ال خليفة العام للطريقة المرينية  
صندوق البريد: ٥ - تلفون: ٧٧

Cheikh Abdoul Ahad M'BACKÉ

KHALIF GENERAL  
DE LA CONFRÉRIE  
DES MOURIDES  
BOITE POSTALE ٥ - TÉLÉPHONE 77  
TOUBA (M'BACKÉ) SÉNÉGAL

TOUBA, LE 1975

« بِرَأْسِ شَهْرِ مُحَرَّمٍ ١٩٧٥  
بِرَأْسِ سَنَةِ ١٣٩٥ هَجْرِيَّةً، بِرَأْسِ عَهْدٍ جَدِيدٍ »

Cheikh Abdoul Ahad M'BACKÉ  
KHALIF GENERAL DE LA CONFRÉRIE DES MOURIDES

à M **مُحَمَّدُ جَاوِي**

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ تَعَالَى وَبَرَكَاتُهُ،  
نَيْتَال لَبِي سَنْتَال، كَرَمَتَال خَسْبَسْتَسْ خَسْرَجْ يَنْهَمَالِدُ لَدُومِ  
تَنِي آكْ آكْ، دِي تَيْتَالِي دِي بَهْم لَيْتَالِي بُمَنْدَرْدِي قَل بُرُومْ كَلُوبِي  
بِي بَطُوبِي بِي، تَدْتَجِي بِي، تَوْرَاكُوبِي كَل، وَرَاكُوبِي كَل  
بِي كَلِي كَار، لُول مود: كَلِي كَمْبِيلُ لِنِي سَرْجِبِ الْفَرَقَةِ إِن،  
مُودُونُون لَيْتَالِي بِي كَلُون سَعَل، كَنْكُوبِي لِيل، مَبِي كُوبِي كَل  
بِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي، كَرَمَتَال بِي كَلُوبِي كَلُوبِي وَرَاكُوبِي  
مُودُونُون لَيْتَالِي بِي كَلُوبِي دِي كَلُوبِي دِي جِيلِي بِي بِي كَلُوبِي كَلُوبِي  
بِي كَلُوبِي بِي، كَرَمَتَال دِي كَلُوبِي، آكْ فِجْتُ بُرُومْ، آكْ سَكْ كَرَمْتَال  
آكْ سَكْ كَلُوبِي كَلُوبِي كَلُوبِي، لَيْتَالِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي بِي،  
كَلُوبِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي بِي، مَبِي كُوبِي لِيل بِي كَلُوبِي بِي، بِي كَلُوبِي بِي  
بُرُومْ بِي كَلُوبِي مود، كَلُوبِي لُول سَكْ كَلُوبِي دِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي بِي  
دِي كَلُوبِي بِي، بِي كَلُوبِي لَعْنِي أَرْسِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي بِي، أَنْتَلُوبِي بِي  
بِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي بِي كَلُوبِي بِي، 50,000,000 بِي كَلُوبِي



## Transcription 4

Yaw Sëriñ Muhammadu Jaañ

*Assalāmu ‘alaykum wa raḥmatu l-Lāhi ta’āla wa barakātuhū*

Nuyu naa la lu bari. Sant naa la. Gëram naa la ci sa pas-pas ci Sëriñ bi nu amul lu dul moom Tay ak Èllëg. Di la yëgal ne da fa am liggéey bu ma nësër a defal Boroom Tuubaa fii fi[8] Tuubaa-Mbàkke. Te dogu ci def ko, te war la koo yëgal. War koo yëgal képp ku ko yaakaar. Loola moo di: kénn umpulewul ni Sëriñ bi Alxuraan moo doonoon liggéeyam bi ko gënoon a soxal, gënoon koo ittéeel. Mu nekkoon ca nekkluwoon ca ku ko soob, ngir mu féete ko ca googa wàll.

Moo waral mayitam[9] téere yii may móol di ko ko dajaleel fii fi këram gu mag gi fi Tuubaa-Mbàkke ngir topp ndigalam ak xeñtu mbooram, ak sàkku ngëramam, ak sàkkul ko képp ku ma àndal. Léegi nak, téere yi yegg na fof. Kër gaa ngi bëgg a xat ci moom. Ma bëgg koo liggéeyal barabu boppam, bu yaa, bu rëy, bu rafet bu yellook moom. Ci kaw loolu, sàkkal naa ko daaray boppam fi penku jumaa ji. Defarlu naa palaŋ bi ba teg ko ci loxoy arsitek ba jox na ko antalparinoor bu nu doy, ba waxante nanu ci juróom fukki milyoŋ 50.000.000 Faraŋ.

[8] *Fi* or *ci* are both used for *in*. In this text, *fi* is used.

[9] *Man itam* (me too) is written here as *mayitam* in Ajami.

## Translation 4

To Serigne Mouhamadou Diagne

*May peace, mercy and God's blessing be upon you*

I send you my warmest greetings. I thank you. I praise your steadfastness for the Master who is our only hope Today and Tomorrow.[10] I inform you that I intend to undertake a project for the Master of Touba[11] here in Touba-Mbacké. I am committed to it, and I must inform you about it. I must also inform everyone who relies on him. That is: everyone knows that the Quran was the Master's main preoccupation, and he accorded it the utmost importance. He was so dedicated to it that he would delegate people to assist him in this area.

This is why I am also printing these books and collecting them on his behalf in his primary residence in Touba-Mbacké in order to follow his injunction, look up to him, and seek his spiritual endorsement for myself and anyone involved in the project. Now, the work on the books has been completed. We will soon run out of space in the house. So, I want to build a suitable place that is spacious, wide, beautiful, and appropriate (for the books). For that, I have designated a space on the eastern side of the mosque. I have the blueprint drafted, which I gave to the architect who already gave it to a trustworthy building contractor who agreed with us, after discussion, to be paid 50,000,000 francs.


[10] *Today and Tomorrow* (Wolof: *Tey ak Ëllëg*) refers to this world and the hereafter.

[11] *Boroom Tuubaa* (Wolof: The Master of Touba/ The Owner of Touba), and *Sëriñ Tuubaa* (Wolof: The Spiritual Leader of Touba) are some of the titles used for Bamba.

TEL: 33 974 20 00 / 76 681 05 26 / 77 445 88 87 / 77 532 90 88



السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ تَعَالَى وَبَرَكَاتُهُ  
 جَاءَ كُلُّ سَرِيحٍ سِيحٍ مُخْتَارٍ بِكَ كَرَامَةً الرَّحْمَةِ مِثْعَوْجٍ  
 يَكُ يَخْتَلُ أَكْبَسَلُ دُعْمُ لُوبِي مَوْلَانِي يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ  
 أَمَلٌ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ يَكُ  
 لَيْدُونَ مَنِي سَمِي 17 سَاوِي أَكُ دِمَانِلَه 18 سَاوِي  
 جَكُ سَرِيحٍ لُوبِي كَجَ دَارِ الْمَنَاءِ دَجُ يَكُ أَيْ جِكَاوِي  
 جَلْبِكُ وَفَتَ جِكَيْتِلُ سَرِيحٍ بِشِيرَتِكَ جَمْبَه الْفَايزِ بَرْتِ  
 بَرُونِ جِتْكَسَارِ سَمِيحٍ دَجُ دَلُو بَوْرَانِ دَارِ الرَّحْمِ  
 جِكَيْتِلُ سَرِيحٍ شِيحٍ بَارْمِي لِي جِكُ مَا سَجَ سَكُ يَكُ وَ  
 بَكُ وَ جَمْعُ دَارِ الْمَنَاءِ جَكُ سَرِيحٍ لُوبِي أَكُ سَرِيحٍ يَكُ  
 مَوْكِي تَجُ كَنَاوَتُكَسَارِ نُوِي سَكُ سَبْ بَتَوَانِي  
 «وَالسَّلَامُ»

 Comité d'Initiative  
 pour l'eau de Touba  
 ماء الرحمة Le Président



## Transcription 5

*Assalāmu ‘alaykum wa rah̄matu l-Lāhi ta‘āla wa barakātuhū*

Ci ndigalul Sëriñ Siidi Muxtaar Mbàkke, Kuréelu Maa’ul Rahmati miy taxaw ci yokk, yaxanal ak sellal ndoxum Tuubaa moo leen di yëgal bis yuñuy amal ngir waxtaane nu ñuy gën a saytoo ndoxum Tuubaa. Ñaari bis lay doon, muy Samedi 17 Saawiyee, ak Dimanche le 18 Saawiyee[12] ca Kër Sëriñ Tuubaa ga ca Daarul Mannaan. Da nañ ko ubbi ci Gaawo bi ci fukki waxtu ci njiital Sëriñ Basiiru Mbàkke Abdul Xaadir porte-parole. Ci tàkkusaani Samedi ji da nañ daloo fooraasu Daarul Rahmaan ci njiital Sëriñ Seex Baara Mati-Léy. Ci Dimanche ja, sunu ko yendoo ba ngoon ca Daarul Mannaan ca Kër Sëriñ Tuubaa ga, Sëriñ Muntaxaa Mbàkke moo koy tëj gànnaaw tàkkusaan. Noo ngi sàkku seenub teewaay. Wa salaam.

**IET**                      Comité d’Initiative  
Maa’ul Rahmati      Pour l’eau de Touba  
Le Président

[12] The following are loans from French: *Samedi* (Saturday), *Dimanche* (Sunday), *Saawiyee* from *Janvier* (January), and *fooraas* from *forage* (water tower).

## Translation 5

*May peace, mercy, and God's blessing be upon you*

Following the injunction of Sidy Moukhtar Mbacké, Maa'ul Rahmati, the organization in charge of improving the water supply of Touba, its rational distribution and purification, invites you to the events it will host to discuss the most efficient way to manage the water supply of Touba. The event will take place in two days, namely on Saturday, January 17 and Sunday January 18 at the Residence of the Leader of Touba<sup>[13]</sup> in Darou Manane. The opening ceremony, which is scheduled on Sunday at 10 :00 a.m., will be presided over by Serigne Bassirou Mbacké Abdoul Khadir, the spokesperson (of the Caliph of the Muridiyya). Afterwards, we will go visit the water tower of Darou Rahmane on Saturday late afternoon under the leadership of Serigne Bara Maty Lèye. On Sunday, after spending the day at the Residence of the Leader of Touba located in Darou Manane, Serigne Mountakha Mbacké will close the ceremony after the late afternoon prayers (between 4 :00 and 5 :00 p.m.). We request your attendance. Peace be upon you.

**IET**                      The Initiative Committee

Maa'ul Rahmati        For the Water of Touba

The President

[13] Here, the writer used *Kër Sëriñ Tuubaa* (Residence of the Leader of Touba). There are many such residences in Murid communities in Senegal and abroad. They host visiting Murid leaders, disciples in need, and events, and they are also used as meeting places for community members.



Ajami Text 6: Open Letter by Hizbut Tarqiyyah late leader,  
Serigne Atou Diagne


  
حزب الترقية  
HIZBUT-TARQIYYAH

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

HIZBUT-TARQIYYAH - DIRECCION GÉNÉRALE  
Siège et Centre Culturel à TOUBA Route de Bélé  
Derrière les HLM. Tél. 975 10 29 Fax : 975 52 40  
Web : www.htcom.sn E-mail : rm@htcom.sn



بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ بِرُوحِ بَرُّومِ مُوَيْ  
السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ تَعَالَى وَبَرَكَاتُهُ  
عَزَّ وَجَلَّ حَزْبُ التَّرْقِيَةِ يُجْتَرِّجُورُجُمُ عَشْرُ عَمَاتٍ جَانِج  
مُؤَيَّ أُمُّ بَيْكِي مَرِي كَنَا وَسَبْعُونَ أَكْ كَلِيرِكِي  
عَلَيْكَ فَوْفُو بِيْمَكِ بِبُحْبُحِ قَسْوَأْمَلِ سَبْ شَاوْ  
بُجَارِي بِيْجُوِيْرَاتُ 2003 وَبِحَبْتِكَ بَوَلُّ بِلَوَازِ شَاوَانِ  
لَوْرُلُ عَجْ مِيْنَكِ مَوْي سَجْنِيْتِ جِلُّوْفَمِي  
عَمِي عُنْجَلَاتُ عَزِي أَكْ سِرْ سِيْلِيُو جِلْ شِيْلِي  
شَرْحُ مُوَيْ جِيْ كُوكِي يَدْلِكُ سَبِي مَوْي  
بِحَبْرِيْلُ تَمَلِجِ قَبِيْوَاتُ  
وَالسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ تَعَالَى وَبَرَكَاتُهُ

  
حزب الترقية  
HIZBUT-TARQIYYAH  
DIRECCION GÉNÉRALE  
LE RESPONSABLE

## Transcription 6

*Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi. Barkeb Boroom Tuubaa*

*Assalāmu ‘alaykum wa raḥmatu l-Lāhi ta‘āla wa barakātuhū*

Daara Hizbut-Tarqiyyah, ci turu jëwriñam di Sëriñ Aatu Jaañ mooy am mbégte mu rëy, gànnaaw safoo gi ak kóllëre gi, di la yégal xew-xew bu mag bu ñu fasoo amal bisub Gaawo, ñaari fan ci weeru Uut 2003 ci Mbàkke-Bawal, Bulowaar Gaawaan. Li waral ndaje mi nak mooy soññante ci loo xam ne day dundalaat daara yi ak sunu pastéef ci liggéeyal Sëriñ Tuubaa. Jóg googu it li ko sabab mooy fi jamono tollu te mu laaj fobuwaat.

*Wa salāmu ‘alaykum wa raḥmatu l-Lāhi ta‘āla wa barakātuhū*

Hisbut-Tarqiyya official seal

## Translation 6


*In the name of God, the Beneficent, the Beneficent. By the grace of the Master of Touba. May peace, mercy, and God’s blessing be upon you.*

Hizbut-Tarqiyyah Organization, on behalf of its leader, Serigne Atou Diagne, is very pleased, besides the (mutual) gratitude and loyalty, to invite you to the major event it will host on Sunday, August 2, 2003 in Mbacké-Baol, Gawane Boulevard. The purpose of the meeting is to encourage each other regarding the revitalization of Quranic schools and our dedication to the work we are doing on behalf of Serigne Touba. What motivates this event is that the contemporary world in which we live requires that we are up to date.

*May peace, mercy, and God’s blessings be upon you*

Hisbut-Tarqiyya official seal

## Ajami Text 7: Pious Gift from Cheikh Mouhamadou Falilou Fall



### Transcription 7

Hadiyyatil Shaykh Muhammadul Faliilu Faal, juróom fukki milyoŋ, ak ñaar fukki nag, ak ñaari barigoy suukar, ak juróom fukki kiloy kafe, ak juróomi kiloy jar, ak ñaari téeméeri butéeli latkolañ, ak fukki poti cuuraay, ak juróom ñatt ak fukki kaamiil Alxuraan al-Kariim. 50,000,000. Lim bii mooy li fi jotadi. Lenéen luñëwaat rekk, dana ñëw, inshaa Rabbii.

## Translation 7

Pious gifts from Mouhamadou Fall: fifty million; twenty cows; two barrels of sugar; fifty kilos of coffee; five kilos of cloves; one thousand bottles of cologne perfume; ten jars of incense, and eighty copies of the Holy Quran. 50,000,000 Francs CFA. This is the amount collected so far. Anything else that we receive will be sent to you, God willing.



## Ajamiscape



**Ajamiscape image 1:** Signage on a shop in Touba reading: *Ma'ul Rahmat* (from Arabic *Mā'u l-Rahmat*: Water of Mercy). *Maou Rahmati* in the non-standard French spelling. *Yaxanal, sellal, yokk ndoxum Tuubaa* in Ajami (English: Preserve, purify, increase the water of Touba). Courtesy of Fallou Ngom.



**Ajamiscape image 2:** A billboard near the mosque of Touba highlighting key prohibitions. Courtesy of Fallou Ngom.

The image illustrates the digraphia situation in the religious city of Touba, the use of multiple writing systems for Wolof. Two languages and three writing systems are used in the billboard to convey the same information effectively. The first part of the billboard is in French, the second part is in Wolof written with the non-standard French orthography, and the third part is in Wolof written with the Ajami script. The Ajami text reads as follows:

*Fii dañu fiy tere kuy jaay walla kuy yalwaan ci biir jumaa ji; walla oto widaas, walla sareet, walla benn xeetu piblisite; walla di fi jaarale ag jur ak lépp luy xotti wormay béréb bi.*

(English: Here, it is forbidden to sell or beg inside the mosque; or to bring sewage removal trucks; horse/donkey carts, or make any kind of advertisement; or for livestock to pass through the area, and anything else that violates the honor of the place).



**Ajamiscape image 3:** A mural with the image of Bamba in white and his closest follower Shaykh Ibra Fall in black with the common Murid phrase in Ajami in Touba: *Jërējëf Sëriñ Tuubaa!* (Thank you Serigne Touba, referring to Bamba). Courtesy of Fallou Ngom.



**Ajamiscape image 4:** A billboard highlighting a construction project by the group called *Touba Ca Kanam* (Touba Forward). Courtesy of Fallou Ngom.

The Ajami text reads:

*Lii mooy wanag yi waa Tuubaa Ca Kanam di tabax ci ndigalu Sëriñ Muntaxaa Mbàkke. Yal na fi yàgg lool te wér.*

(English: This is the toilet system that the Touba Ca Kanam group is building following the injunction of Serigne Mountakha Mbacké. May he live long and be healthy).



**Ajamiscape image 5:** A bilingual sign in Ajami and French-based spelling in Touba. The Ajami text reads: *Fii mooy kër Sëriñ Mustafaa Mbàkke-Caytu ibn Maam Seex Anta Mbàkke Boroom-Gaawaan* (This is the home of Serigne Moustapha Mbacké-Thiaytou, son of Mame Cheikh Anta Mbacké, The Master of Gaawan). Courtesy of Fallou Ngom.



**Ajamiscape image 6:** A billboard by Expresso (a telecommunication company) in Touba. Courtesy of Fallou Ngom.



## Transcription

## English

### *Àdiyya*

### Gift

*Ekseperesoo Tuubaa.*

Expresso Touba.

*Amul fey. Lépp xeewal la!*

Free of charge. Everything is a blessing!

*Internet ak jokkoo bu amul dayo*

Internet and calls without limit:

*Jumaay Tuubaa ju Mag ji*

In the Great Mosque of Touba

*Kër Sëriñ Tuubaa yi ci dëkk bi*

In the Residences of Serigne Touba

in the city

*Iniwर्सite Seex Ahmadul Xadiim*

At University Shaykh Ahmadul Khadim

*Daara Maam Jaaraa Poroxaan*

At Mame Diarra School in Porokhane

*Ci ndigalul Sëriñ Muntaxaa[14] Mbàkke.*

Following the injunction of Serigne

*Yal na fi yàgg to wér!*

Mountakha Mbacké.

May he live long and be healthy!

[14] This part of Ajami writing is blocked by the metal frame.

## Glossary

**Àddiyya b-:** A gift offered to a religious leader, from Arabic *hadiyya* (pious gift)

**Bar b-:** Mass, crowd, people, group

**Bataaxal:** Letter, correspondence

**Béréb b-:** Place, site

**Béréb or barab b-:** Place, site

**Diir b-:** Duration, period, moment

**Feeñ:** To appear; in a religious context means to be born

**Gaawu or gaawo:** Saturday

**Jar m-:** Clove, a spice used in tea and coffee

**Jarag j-:** Patient, sick person

**Jur g-:** Livestock

**Koppe b-:** An organization of farmers, from French *coopérative*

**Lafañ b-:** Crippled person, disabled person with limited or no mobility

**Lóppitaan, loppitaan, or hoppitaal b-:** Hospital, from French *hôpital*

**Ñaxtu:** To protest, to contest, to question

**Nijaay j-:** Uncle

**Njaboot g-:** Family

**Oto widaas b-:** Trucks used to empty sewage tanks, from French *auto(mobile)*

*vidange*

**Sanc:** To settle, found a village

**Sareet or saret b-:** A horse or donkey cart, from French *charette*

**Sowwu or Sowu:** West

**Tabax:** To build

**Wanag w-:** Toilet

**Xarnu b-:** Century

**Yalwaan or yelwaan:** To beg

**Yaxanal:** To save, to use wisely

**Yëgle or yégle:** To inform, announce

## Notes

**Boroom Gaawaan:** “The Master of Gawaan,” a title referring to Shaykh Anta Mbàkke (1867-1941), also known as Cheikh Anta Mbacké, who founded the village of Gaawaan (Gawane in French). Shaykh Anta was a younger brother of Shaykh Ahmadu Bamba and was a successful businessman and one of the first millionaires in colonial Senegal.

**Daarul Mannaan:** Also written as Darou Mamane or Darou Marnane in the French-based spelling, it was one of the first villages that Shaykh Ahmadu Bamba founded in the vicinity of Touba in the late 1880s to educate his followers in his Sufi teachings.

**Daarul Rahmaan:** Also written as Darou Rahmane in the French-based spelling, it was another village that Bamba founded near Touba in the late 1880s to educate his followers.

**Goléré or Golléré:** A village located in the region of Fuuta Tooro (Fouta Toro in French) in northern Senegal, the homeland of the Pulaar speakers called Tukulóor in Wolof.

**Hisbut-Tarqiyyah:** A Murid organization founded in the 1980s by Serigne Atou Diagne at University Cheikh Anta Diop of Dakar. Its members seek to emulate Shaykh Ahmadu Bamba’s ethos, disseminate his teachings, and realize his vision.

**Pataar:** Also written as Patar in the French spelling, it is a town located in the present-day administrative region of Fatick. It used to be part of the traditional region of Saalum (Saloum in the French spelling).

**Poroxaan:** Also written as Porokhane in French, it is a town in Saaluum where

Maam Jaara Buso (or Mame Diarra Bousso in French), the mother of Shaykh Ahmadu Bamba rests. The place has become a major pilgrimage site for the followers of the Muridiyya.

**Sëriñ Seex Baara Mati-Léy or Serigne Sidy Mokhtar Mbacké (1924-2014):** He was Bamba's second grandson to serve as caliph of the Muridiyya (2010-2014). Xuru Mbàkke, also written as Khourou Mbacké in the French-based spelling, is a town located near the city of Diourbel. It is where Sëriñ Mbay Jaxate (ca. 1876-1947), one of the greatest Murid Ajami poets, lived.

## Pedagogical Exercises

### Exercise 1: Comprehension Multiple choice questions

1. Ci taalif bu njëkk bi, kan moo yóbbu Maam Moor Ànta Sali ak njabootam Saalum?
  - a. Moo fa yóbbu boppam
  - b. Kenn yóbbuwu ko fa
  - c. Maba Jaxu Ba moo ko fa yóbbu
  - d. Du benn ci tontu yii
2. Ci ñaareelu woy wi, Xarnu bi, lu tax Muusaa Ka di méngale daaru Sëriñ bi ak lóppitaaan?
  - a. Ndax Sëriñ bi mooy faj ku feebar
  - b. Ndax Sëriñ bi moo feeñal mbir yi nëbbuwoon
  - c. Ndax Sëriñ bi moo xamal gaa yi xamuloon
  - d. Tontu yii yépp la

3. Ci ñetteelu Wolofal bi, lu Seex Anta Jóob di ñaxtu?
- a. Li gornamaa Sengoor bañ a jox jiwu baykat yi lay ñaxtu
  - b. Dafay ñaxtul baykat yi ñu wax ne fayuñu seeni bor
  - c. Musiba miy dal réew mi su baykat yi amul jiwu walla mataryee
  - d. Tontu yii yéep la
4. Lu Xalifa Abdoul Ahad Mbacké di yëgle ci ñenteelu bataaxal bi?
- a. Da ciy yëgle yéeneem ci defar kërug téere gu mag ci Tuubaa
  - b. Day yëgle ndajem juumay Tuubaa bi muy waajal
  - c. Day yëgle di sant Sëriñ Muhammadu Jaañ ci àddiyyaam
  - d. Day woo Murid yépp ngir ñu takku liggéey
5. Lan moo di liggéeyu *Maa'ul Rahmati* ca Tuubaa bi ci juróomeelu bataaxal bi?
- a. Mooy setal mbeddi Tuubaa yi
  - b. Ñooy taxaw temm ngir yokk ndoxum Tuubaa
  - c. Seen liggéey mooy yaxanal ak sellal ndoxum Tuubaa
  - d. Tontu B ak C la
6. Ci juróom benneelu bataaxal bi, lu Sëriñ Aatu Jaañ di séenu ci ndajem Hisbut-Tarqiyyah mi?
- a. Dafa bëgg ñu soññante ci seen biir ci liggéeyu Sëriñ Tuubaa bi
  - b. Daa bëgg dooleel daaray Alxuraan yi ngir Sëriñ Tuubaa
  - c. Daa bëgg waa Hisbut-Tarqiyyah tolloog jamono ndax day dox
  - d. Tontu yii yéep la

## Exercise 2: Reading

1. Ci biir daara ji, na ndongo yi ay-ayloo jàng ca kaw woy yi walla bataaxal yi.

2. Ca kër ga, na ndongo yi jàng ca kaw ay jukki ci woy yi walla bataaxal yi, di leen nafar aka wax-waxaat ba mokkal leen.

3. Ci daara ji walla ca kër ga, na ñaari ndongo ànd ay-ayloo, jàng ca kaw ay jukki ci woy yi walla bataaxal yi.

### **Exercise 3: Writing/Dictation**

1. Ci biir daara ji, na jàngalekat bi jukki am xët nu gàtt ci woy yi walla bataaxal yi, jàng ko ndànk, jox ndigal ndongo yi ñu bind li ñu dégg ci Wolofal. Su ndongo yi noppee, na ñu méngale li ñu bind ak mbind yi ci téere bi te waxtaane li leen wuutale. Ñaari ndongo mën nañoo ànd ay-ayloo ci liggéey bii.

2. Na ndongo yi bind ci Wolofal juróomi laaj yu jëm ci woy yi ak bataaxal yi. Suñu noppee, na ñu weccoo seeni laaj ak seeni naatango ngir ñu tontu laaj yi ci Wolofal.

3. Na ndongo bu nekk bind ci Wolofal ab ténk bu jëm ci woy yi walla bataaxal yi.

### **Exercise 4: Listening/Speaking and Conversation**

*Podkast ak widewoo:* Defaral ab podkast ci mbiru woy yi ak bataaxal yi, walla nga defar ay widewoo yu gàtt yuy faramfàcce mbir yi ñu ëmb.

### **Exercise 5: Cultural Competence**

Deferal ab eskets ci Wolof boo jukkee ci saar wi buy fësal aada ju am solo.



## Recommended Further Reading

- Ngom, F., Rodima-Taylor, D., and Robinson, D. (2023). 'Ajamī Literacies of Africa: The Hausa, Fula, Mandinka, and Wolof Traditions. *Islamic Africa*, 14(2), 119-143.
- Ngom, F. 2015. Murid Ajami Sources of Knowledge: *The Myth and the Reality, in From Dust to Digital: Ten Years of the Endangered Archives Programme*, edited by Maja Kominko. Cambridge, UK: Open Book Publishers, 119-164.
- Jamra, M, and N. Patel (2024). African 'Ajamī in the Digital Environment: Typographic and Technological Challenges. *Islamic Africa*, 15(1), 38-50.
- Ndiaye, G., Rowley, M., and E. Diagne. (2024). "Beating the Drums in God's Wrestling Arena": Spirituality Translated into Local Metaphor in Wolof Sufi 'Ajamī Poetry. *Islamic Africa*, 15(1), 13-37.
- NEH Ajami Project (2019-2023). Ngom, F., Rodima-Taylor, D., et al. <https://sites.bu.edu/nehajami/>

## Answer Key for Exercise 1: Multiple Choice Questions

**Unit 1:** 1. b, 2. c, 3. a, 4. b, 5. d, 6. b

**Unit 2:** 1. c, 2. a, 3. d, 4. b, 5. c, 6. d

**Unit 3:** 1. c, 2. a, 3. b, 4. b, 5. b, 6. C

**Unit 4:** 1. d, 2. a, 3. a, 4. d, 5. d, 6. c

**Unit 5:** 1. a, 2. b, 3. b, 4. c, 5. b, 6. d

**Unit 6:** 1. c, 2. d, 3. d, 4. a, 5. d, 6. d